



Jurnal Review Pendidikan dan Pengajaran
<http://journal.universitaspahlawan.ac.id/index.php/jrpp>
 Volume 8 Nomor 4, 2025
 P-2655-710X e-ISSN 2655-6022

Submitted : 29/11/2025
 Reviewed : 01/12/2025
 Accepted : 01/12/2025
 Published : 03/12/2025

Ali Muchsan¹
 Nanik Herawati²
 Agus Yuliantoro³

CAK-CAKANIPUN MODEL PAMULANGAN COOPERATIVE SCRIPT KANGGE NGUNDHAKAKEN KATRAMPILAN MACA GEGURITAN TUMRAP SISWA KELAS VIII SMP NEGERI 1 JUMAPOLO KARANGANYAR 2025/2026

Abstrak

Penelitian ini bertujuan untuk meningkatkan keterampilan membaca geguritan pada siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar tahun pelajaran 2024/2025 melalui penerapan model pembelajaran Cooperative Script. Jenis penelitian ini adalah Penelitian Tindakan Kelas (PTK) yang dilaksanakan dalam dua siklus, masing-masing meliputi tahap perencanaan, tindakan, observasi, dan refleksi. Subjek penelitian terdiri atas 32 siswa kelas VIII B. Data diperoleh melalui observasi, tes hasil belajar, dan dokumentasi kegiatan pembelajaran. Hasil penelitian menunjukkan adanya peningkatan keterampilan membaca geguritan dari siklus I ke siklus II. Pada siklus I rata-rata kemampuan siswa mencapai 78%, sedangkan pada siklus II meningkat menjadi 91%. Peningkatan paling menonjol terlihat pada aspek artikulasi, penghayatan, serta kemampuan memahami dan menyampaikan makna teks geguritan. Selain itu, penerapan model Cooperative Script juga mampu meningkatkan keaktifan, rasa percaya diri, dan kerja sama antarsiswa. Dengan demikian, model ini dapat dijadikan alternatif strategi pembelajaran yang inovatif dan efektif dalam pembelajaran Bahasa Jawa, khususnya pada materi membaca geguritan.

Kata Kunci: Cooperative Script, Keterampilan Membaca, Geguritan, Pembelajaran Aktif.

Abstract

This research aims to improve the geguritan (Javanese poetry) reading skills of eighth-grade students at SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar during the 2024/2025 academic year through the implementation of the Cooperative Script learning model. This study employed a Classroom Action Research (CAR) design conducted in two cycles, each consisting of planning, action, observation, and reflection stages. The participants were 32 students from class VIIIB. Data were collected through observation sheets, learning achievement tests, and classroom documentation. The results showed a significant improvement in students' poetry reading skills from cycle I to cycle II. The average score increased from 78% in the first cycle to 91% in the second cycle. Notable improvements were found in articulation, emotional expression, and comprehension of the poem's meaning. Moreover, the Cooperative Script model fostered collaboration, confidence, and active participation among students. Therefore, this model can serve as an innovative and effective instructional approach in Javanese language learning, particularly in teaching poetry reading.

Keywords: Cooperative Script, Reading Skills, Geguritan, Active Learning

PURWAKA

Geguritan minangka salah satunggaling karya sastra Jawa kang sugih makna lan nduwèni struktur khas adhedhasar rima, irama, lan bait. Nalika dipunwaca, geguritan ora mung medharake tembung nanging ugi ngemu rasa lan imajinasi pangripta. Kanthi wujud ekspresi estetis, geguritan saged dadi media panglipur lan panyampai pesen batin. Lumantar geguritan, pamaca bisa ngrasake nilai-nilai budaya Jawa sing luhur. Amarga punika, geguritan perlu

^{1,2,3}) Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Universitas Widya Dharma Klaten

email: muchsanali83@gmail.com, akunaniherawati3@gmail.com, agusyuliantoro04@gmail.com

dipelajari kanthi cara maos lan ngrasake teges sing kinandhut. Geguritan ora mung bahan masinaon, nanging uga sarana ngasah rasa estetika lan kearifan lokal (Rachmat Djoko Pradopo, 2019).

Nanging, kasunyatan ing lapangan nuduhake yen kathah siswa SMP isih angel mangertosi isi geguritan kanthi jero. Asiling pra-survei ing SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar nuduhake bilih 70% siswa durung bisa mangertosi makna tersirat geguritan kanthi trep. Nilai rata-rata ulangan siswa ing materi maos geguritan mung tekan 68 saking KKM 70. Kajaba iku, siswa asring isin lan ora percaya diri nalika maos geguritan ing ngajeng kelas. Kahanan iki ndadekake pamulangan geguritan dadi monoton lan ora narik kawigaten. Pramila, perlu ana solusi supaya siswa luwih aktif lan seneng sinau maos geguritan.

Panaliten iki dados wigati amarga maos geguritan ora mung babagan literasi nanging uga ngenani pangraos budaya lan ekspresi. Ing konteks kurikulum merdeka, siswa diharap ora mung bisa maca nanging uga mangertosi makna lan nilai moral sing kinandhut. Kanthi kemampuan maos geguritan, siswa bisa ngembangake kaprigelan estetis, komunikasi, lan empati. Pamulangan geguritan uga nduweni peran penting kanggo nglestarekake basa lan budaya Jawa. Yen siswa bisa nyinaoni geguritan kanthi cara interaktif, mesthi minaté sinau bakal saya tambah. Mula panaliten iki relevan kanggo ningkatake mutu pamulangan basa Jawa (Else Liliani Dwi Budiyanto, 2020).

Model Cooperative Script minangka strategi pamulangan kang nglibatake kerjasama antar siswa kanthi pola giliran nyimpulake isi materi. Model iki efektif amarga nyengkuyung interaksi, dialog, lan tanggung jawab bebarengan. Siska Widayanti (2017) nemokake bilih penerapan metode iki ningkatake kemampuan maos geguritan siswa SD kanthi signifikan. Ing panaliten liya, Agustin Nur Khafidah (2020) nuduhake peningkatan kemampuan maos teks geguritan siswa saka 60% dados 75%. Loro panaliten mau nuduhake yèn Cooperative Script bisa ngrangsang partisipasi lan penguasaan isi teks. Kanthi mekanisme pasangan sinau, siswa luwih tanggap lan aktif nalika ngrembag geguritan.

Kajaba saka punika, panaliten Fika Ayu Sukma (2023) ugi ndhukung efektifitas metode iki kanthi peningkatan nilai maos saka 46,42 dados 86,42. Ing tingkat SMA, Siti Susanti Malida Djaha (2023) ugi ngetrapake metode sing padha lan kasil ningkatake kaprigelan maos nganti 49,5%. Sanajan model sing digunakake padha, panggonan lan konteks sinau beda-beda. Ing kabeh panaliten mau, metode Cooperative Script kabukten bisa ngaktifake siswa nalika maca lan ngrembag puisi. Nanging, durung ana panaliten sing ngetrapake model iki kanggo materi geguritan ing tingkat SMP. Pramila, panaliten iki nggawa kebaruan saka segi tingkat peserta didik lan konteks basa Jawa.

Panaliten iki fokus marang pangetrapan model pamulangan Cooperative Script kanggo ningkatake katrampilan maos geguritan siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar taun ajaran 2024/2025. Metode sing digunakake yaiku Penelitian Tindakan Kelas (PTK) kanthi rong siklus. Saben siklus kalebu tahap perencanaan, tindakan, observasi, lan refleksi kanggo ngukur asil lan perbaikan. Subjek panaliten iki ana 32 siswa kanthi tingkat kemampuan sing béda-béda. Data diklumpukake nganggo tes, observasi, lan dokumentasi. Tujuane yaiku kanggo nyumerepi pengaruh positif saka penerapan Cooperative Script marang peningkatan kemampuan maos geguritan.

Kontribusi panaliten iki kalebu loro, yaiku teoretis lan praktis. Secara teoretis, panaliten iki nambah wawasan babagan implementasi model pamulangan kolaboratif ing basa daerah. Panaliten iki uga maringi bukti empiris yèn Cooperative Script bisa ningkatake kaprigelan maos sastra Jawa. Secara praktis, asil panaliten iki bisa dadi pedoman kanggo guru basa Jawa supaya luwih inovatif nalika mulang geguritan. Kajaba iku, siswa bisa luwih percaya diri lan aktif nalika melu pamulangan. Pramila, panaliten iki gadhah paedah jangka panjang kanggo pendidikan basa Jawa modern.


Kanthi mekaten, panaliten iki dipunajab saged maringi sumbangan nyata tumrap pangembangan model pamulangan basa Jawa sing kontekstual lan menarik. Penerapan Cooperative Script ora mung nambah pemahaman teks nanging uga nguatake kemampuan komunikasi lan sosial siswa. Hasil panaliten iki uga bisa dadi bahan refleksi kanggo guru supaya bisa milih strategi pamulangan sing cocog karo karakter siswa. Panaliten iki mratelakake yèn inovasi pedagogis migunani kanggo nguri-uri kabudayan Jawa kanthi pendekatan ilmiah. Kanthi sinau geguritan kanthi cara kolaboratif, siswa sinau ngras, mikir, lan medharaken ide

kanthi bebas. Pramila, geguritan ora mung diwaca nanging ugi dirasakake minangka warisan jiwa Jawa.

METODE

Wonten ing panaliten menika, panaliti migunakaken metode Penelitian Tindakan Kelas (PTK) minangka pendekatan kang tujuwane ningkatake kualitas praktik pamulangan ing kelas. PTK dipunleksanakake kanthi tumindak langsung, saéngga panaliti saged ngawasi lan nyerat data kanthi nyata tumrap proses pamulangan katrampilan maos geguritan siswa kelas VIIIB SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar taun ajaran 2024/2025. Panaliten menika adhedhasar observasi tumrap aktivitas lan asil sinau siswa nalika ngetrapake model pamulangan Cooperative Script, kanthi harapan bisa ningkatake kemampuan maos geguritan. Variabel bebas

(X) ing panaliten menika inggih kaprigelan maos geguritan (Sugiyono, 2012), déné variabel gumantung (Y) inggih penerapan model pamulangan Cooperative Script (Muslich, 2009). Papan panaliten wonten ing SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar, kanthi subjek siswa kelas VIIIB cacahé 32 siswa (17 wadon lan 15 lanang) sing nduweni kaprigelan maos béda-béda. Rencana panaliten dipunlampahi kanthi model siklus saking Kemmis lan McTaggart sing ngemot sekawan tahapan, yaiku perencanaan, tindakan, observasi, lan refleksi (Mahmud, 2021), kanthi kolaborasi antawisipun guru minangka pelaksana lan panaliti minangka pengamat, adhedhasar model PTK saking Suharsimi Arikunto (2017).



Gambar 1. Model Panaliten PTK (Suharsimi Arikunto, 2017).

Panaliten tindakan kelas menika dipunleksanakake kanthi bola-bali lumantar siklus kang dumadi saka loro babak, saben babak kalebet tahap perencanaan, implementasi, observasi, lan refleksi. Ing saben siklus, panaliti lan guru makarya bebarengan kangge nyinaoni peningkatan kemampuan maos geguritan siswa kelas VIIIB SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar. Tahap perencanaan kalebet nyiapake RPP, lembar observasi, lan piranti evaluasi, dene tahap implementasi kaleksanan kanthi ngginakaken model pamulangan Cooperative Script sing nyengkuyung siswa supaya aktif, kreatif, lan komunikatif. Sabanjure, observasi dipunlampahi kangge mirsani aktivitas guru lan siswa, lan refleksi dipunleksanakake kangge nemtokake kekurangan ing siklus sadurungé minangka dhasar perbaikan ing siklus candhake (Said Hasan, 2021). Lumantar refleksi menika, perencanaan siklus II dipunatur langkung sistematis adhedhasar asil observasi lan analisis saking siklus I, kanthi ancas nggayuh asil sinau sing luwih optimal lan ningkatake pamahaman siswa tumrap isi geguritan.

Kanggé ngumpulaken dhata, panaliti migunakaken pirang-pirang teknik inggih menika dokumentasi, tes, lan observasi. Dokumentasi dipunginakaken kangge nglumpukake informasi babagan data siswa lan asil sinau (Suharsimi Arikunto, 2013), déné tes dipunleksanakake ing saben pungkasan siklus kangge ngukur kemampuan kognitif siswa (Wina Sanjaya, 2020). Observasi dipunginakaken kanthi format objektif kang ngemot indikator prilaku siswa lan kinerja guru (Sandu Siyoto, 2017). Piranti kang dipun-ginakaken antawisipun instrumen tes lan lembar pengamatan kanggo guru lan siswa. Analisis data dipunleksanakake kanthi metode kuantitatif kangge nemtokake rata-rata asil sinau lan persentase ketuntasan siswa (Hardani, 2023). Panaliten punika dipunwastani kasil menawi 70% siswa saged nggayuh KKM 65 lan mangertosi isi geguritan kanthi trep, minangka pratanda peningkatan kaprigelan maos siswa miturut indikator sukses (Wildani, 2022).

ASILING PANALITEN LAN PANGOCEKIPUN

Deskripsi Data Asiling Panaliten

Panaliten menika ngangge panaliten Tindakan Kelas (PTK). Tujuwan saking panaliten menika inggih punika kangge nyuumerepi kados pundi pangetrapan model pasinaon cooperative script kangge nginggahaken kesagahan mangertosi waosan geguritan wonten SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar. Panaliten menika dipuntindakaken lebet 2 siklus tiap siklus 3 kaping pepanggihan, kapisanan tatap rai kanthi alokasi wekdal tabuh wucalan madeg saking 2 x 40 menit (2 tabuh wucalan). Data kegiatan siswa dipunamati kaliyan lembar observasi ing wanci proses pasinaon kedados, lan data asiling sinau siswa saking tes ingkang dipunlampahaken saben akhir siklus.

Adhedhasar asil prasurei ing awal semester 2 taun wulangan 2024/2025, kapanggih bilih asil pasinaon basa Jawa siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar taksih ngandhap Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) 70. Kathah siswa ingkang isih angel mangertosi isi waosan geguritan lan kirang aktif nalika pasinaon amargi guru namung migunakaken metode demonstrasi, ceramah, lan pitakonan, saéngga minat sinau siswa mudhun. Kangge ngatasi kahanan punika, panaliti nerapake metode Penelitian Tindakan Kelas (PTK) kanthi kolaborasi kaliyan guru mapel minangka observer. Panaliten punika gadhah tujuwan nyumerepi pengaruh positif lan signifikan saka penerapan model pamulangan Cooperative Script tumrap peningkatan kaprigelan maos geguritan siswa kelas VIII. Rancangan pasinaon dipunlampahaken lumantar kalih siklus, saben siklus dumadi saking tigang pepanggihan, kanthi observasi aktivitas siswa lan pengukuran asil sinau ngginakaken pretest lan posttest ing saben siklus. Panaliten dipunlampahaken tanggal 6–15 Mei 2025 miturut jadwal sing kapacak ing Tabel 1 minangka pedoman wekdal pelaksanaan siklus I lan II.

Tabel 1. Jadwal Lampahan Panaliten Tindakan Kelas

No	Siklus/Pertemuan	Hari/Tanggal
1.	I/1	Selasa/6 Mei 2025
2.	I/2	Rabut/7 Mei 2025
3.	I/3	Kamis/8 Mei 2025
4.	II/1	Senin/13 Mei 2025
5.	II/2	Selasa/14 Mei 2025
6.	II/3	Rabu/15 Mei 2025

Siklus I

a) Rancangan

Pasinaon siklus I dipunlampahaken kaping tiga pepanggihan, saben pepanggihan suwéné 2 x 40 menit kanthi ngetrapake model pamulangan Cooperative Script kangge nyumerepi pengaruh positif lan peningkatan asil sinau siswa. Ing pungkasan siklus dipunparingi tes (posttest) minangka alat pangukur asil pamulangan. Siklus I kalebet tahap rancangan, tindakan, observasi, lan refleksi, ing pundi panaliti nyiapake RPP adhedhasar model Cooperative Script, netepake materi wulangan saben siklus, nyusun lembar observasi kangge guru lan siswa, nyiapake bahan lan piranti evaluasi, saha ndamel lembar tes miturut indikator kompetensi siswa.

b) Lampahing Tindakan

Pepanggihan kapisan dipunwiwiti tanggal 6 Mei 2025 kanthi tema “Kabudayan Jawa” kang kalebet kegiatan tepangan, ice breaking, pretest, lan proses pasinaon. Guru maringi pambuka lan motivasi, lajeng njlentrehaken tujuwan pasinaon. Ing kegiatan inti, siswa dipunbagi dados enem kelompok, sinau bebarengan maos geguritan, nyerat ringkesan makna, lan nindakaken dialog antar pembicara lan pendengar. Guru maringi bimbingan marang siswa sing isih ragu nalika nyampaikaken gagasanipun. Ing akhir pepanggihan, guru maringi posttest lan nutup pasinaon kanthi refleksi ringkes.

Pepanggihan kaping kalih dipunlampahaken tanggal 7 Mei 2025 kanthi tema lan metode sami. Guru mbikak pasinaon kanthi salam, doa, lan ice breaking, lajeng maringi apersepsi lan motivasi sinau. Siswa dipunacak kelompok anyar, saben kelompok ngrembag lan maos geguritan kanthi cara bergantian. Kelompok liyane nyimak lan nyerat ringkesan isi geguritan kang dipunwaosaken, lajeng nindakake diskusi sa-wangsulipun. Guru ngatur alur kegiatan

kanthi njlentrehaken unsur-unsur geguritan lan tata cara maos sing trep. Ing pungkasan pasinaon, guru maringi kesimpulan lan motivasi, lajeng siswa nutup pasinaon kanthi refleksi lan donga bebarengan.

Pepanggihan kaping tiga dipunlampahaken tanggal 8 Mei 2025 minangka pungkasan siklus I kanthi jumlah siswa 32. Kegiatan diawali kanthi salam, apersepsi, lan penguatan motivasi sinau. Ing kegiatan inti, siswa nindakake kegiatan maos geguritan, nyerat ringkesan, lan medharaken asilipun kanthi giliran antar kelompok. Guru maringi kesempatan siswa kang dereng mangertos kangge takon lan nyimpulaken materi. Ing akhir pepanggihan, guru maringi posttest individu minangka evaluasi asil sinau lan nutup pasinaon kanthi refleksi lan nyanyi bebarengan. Asil refleksi siklus I nuduhaken bilih guru taksih kawraton ngendhaleni kelas lansawetara siswa dereng mangertos model Cooperative Script, saéngga asil iki dados dhasar panyempurnaan siklus candhake.

c) Observasi

Ing wekdal tindakan kelas kedados, peneliti nindakaken pengamatan langsung kalih ngiseni instrument ingkang sampun dipunsiyapaken saderengipun, inggih menika kanthi ngangge lembar observasi siswa lan guru. Salajeng menika asiling pengamatan siswa lan guru lebet ing nginggahaken kesagahan mangertosi waosan geguritan ngangge model pasinaon cooperative script

Adhedhasar asil observasi kegiatan siswa ing siklus I kanthi ngetrapake model Cooperative Script, saged dipunmangertosi bilih aktivitas lan partisipasi siswa nglampahi peningkatan saben pepanggihan. Aspek ketetapan pemaknaan, artikulasi, gesture, penghayatan, lan kemampuan nanggapi isi geguritan kabeh nuduhaké kenaikan saka pepanggihan kapisan dumugi pepanggihan kaping tiga kanthi rata-rata peningkatan saka 67% dados 88%. Peningkatan paling ageng katon ing aspek artikulasi lan vokal kanthi rata-rata 88% lan kemampuan nerangake keragaman kegiatan maos geguritan kanthi rata-rata 86%. Sanajan mekaten, asil kasebat dereng dugi target 85% miturut rancangan panaliten, mila perlu pangreksan lan panyempurnaan strategi pasinaon ing siklus candhake supados asil luwih optimal lan jangkup kaliyan target panaliti.

Asil observasi kegiatan guru ing siklus I ugi nuduhaké anané peningkatan ing saben pepanggihan nalika ngetrapake model Cooperative Script ing kelas. Ing pepanggihan kapisan guru entuk skor 79%, kaping kalih 84%, lan kaping tiga ningkat dados 88%. Aspek sing nuduhaké kemajuan antawisipun kemampuan guru mbukak pasinaon, ngembangake materi, nindakaké pamulangan kanthi runtut, lan ngetrapake prinsip model Cooperative Script. Nanging, guru tasihi perlu ningkatake kontrol kelas lan pemahaman langkah-langkah model pasinaon kanthi luwih efektif. Kanthi asil punika, saged dipunmangertosi bilih implementasi Cooperative Script sampun ngasilake peningkatan, nanging taksih perlu pangreksan tambahan ing siklus salajengipun supados asil pasinaon siswa lan guru sami-sami saged maksimal.

d) Asiling Sinau Siswa Siklus I

Tabel 2. Asiling Sinau Pretest Siswa Siklus I

No	NilaiJumlah	Persentase	Kategori
1.	0-64 16 siswa	50,00%	Andhap
2.	65-7510 siswa	31,25%	Sedang
3.	76-1006 siswa	18,75%	Inggil
Jumlah		32 siswa	100%

Adhedhasar asil pretest lan posttest ing siklus I, saged dipunmangertosi bilih saka 32 siswa, namung 6 siswa (18,75%) ingkang tuntas nalika pretest, dene sawise nindakaken pasinaon mawi model Cooperative Script wonten peningkatan dados 8 siswa (25%) ingkang tuntas. Sanajan dereng nggayuh target KKM 70%, asil punika nuduhaké bilih model pamulangan Cooperative Script saged maringi pangaruh positif marang peningkatan pamahaman lan asil sinau siswa, sanadyan tasihi betah panyempurnaan ing siklus salajengipun.

Tabel 3. Asiling Sinau Posttest Siswa Siklus I

No	NilaiJumlah	Persentase	Kategori
----	-------------	------------	----------

1.	0-64	15 siswa	46,88 %	Andhap
2.		65-759 siswa	28,13 %	Sedang
3.		76-1008 siswa	25 %	Inggil
	Jumlah	32 siswa	100%	

Adhedhasar tabel 2, wonten inggil, ing dinten Kemis tanggal 8 Mei 2025 saged dipun ngertosi menawi saking jumlah sadayaning siswa inggih menika 32 siswa lan wonten siswa lebet kategori andhap cacahing 15 siswa mlebet kategori andhap kanthi persentase 46,88% lan kategori saweg sacacah 9 siswa kanthi persentase 28,13% lan ingkang mlebet lebet kategori inggil utawi tuntas sacacah 8 siswa kanthi persentase 25%. asiling sinau ing siklus I dereng dugi target ingkang dipuntetepaken 70%. Bab menika saged dipuntingali ing persentase ketuntasan asiling sinau ing akhir siklus I ingkang dereng dugi KKM taksih kathah lan ingkang tuntas 8 siswa utawi sawentawis 25%.

e) Refleksi

Adhedhasar asil refleksi siklus I, katemu sawetawis kekirangan ing antawisipun guru dereng maksimal nerapaken model Cooperative Script, siswa kathah ingkang taksih pasif, lan sebagian siswa bingung nalika ngaturaken pendapat utawa nyerat ringkesan geguritan. Kangge nglempakaken asil sinau ingkang langkung optimal, ing siklus II guru dipunajeng-ajeng saged langkung nguasai penerapan model Cooperative Script, ngelola kelas kanthi langkung kondusif supados siswa fokus, saha maringi bimbingan tambahan dhateng siswa ingkang kirang aktif supados langkung mangertosi isi lan makna saking geguritan ingkang dipunsinaoni.

Siklus II

Sasampunipun dipunwontenaken refleksi mila lajeng dipuntindakaken siklus II kaliyan pangajeng-ajeng menawi ing siklus II menika saged dugi tujuwan ingkang dipunajeng-ajeng. Wondene peranan siklus II sami kaliyan siklus I ingkang madeg saking peranan rancangan, peranan tindakan, peranan observasi lan peranan refleksi lan dipuntindakaken kaping 3 pepanggihan, kaping setunggal pepanggihan madeg saking 2 x 40 menit.

a) Rancangan

Lampahan tindakan ing siklus II dipunrancang adhedhasar asil refleksi saking siklus I kanthi ancas nginggahaken asil lan kawigatosan siswa sajrone proses pasinaon. Ing tahap menika, guru langkung nyobi nambah partisipasi lan kaprigelan siswa supados saged mangertosi inti materi lan ngajeni pendapat kanca-kancanipun. Persiapan kang dipunlampahaken antawisipun netepake materi wulangan miturut siklus, nyusun RPP kanthi model Cooperative Script, ndamel lembar observasi kangge guru lan siswa, nyiapake bahan lan piranti evaluasi, sarta nyusun soal tes adhedhasar indikator capaian kompetensi.

b) Lampahing Tindakan

Siklus II dipunlampahaken sajroning tiga pepanggihan kanthi materi geguritan tema “Ra Mokal.” Ing pepanggihan kapisan tanggal 13 Mei 2025, guru nerapaken model Cooperative Script kanthi nyusun kelompok, maringi materi, lan nuntun siswa kangge maos lan ngringkes geguritan kanthi kerja sama. Siswa dipunparingi peran dados pembicara lan pendengar, dene guru maringi bimbingan lan arahan nalika siswa ngaturaken pendapat. Ing tahap pungkasan, siswa saged ngasilaken ringkesan geguritan kanthi luwih cetha, lan asil refleksi nuduhaké peningkatan minat lan partisipasi siswa sajrone pasinaon.

Ing pepanggihan kaping kalih tanggal 14 Mei 2025, siswa saya aktif lan luwih trampil nyinaoni unsur-unsur geguritan. Guru ngatur kelas kanthi nyenengake, nyengkuyung siswa kangge rembugan, maos, lan nyerat ringkesan geguritan kanthi bener. Kegiatan diskusi antar kelompok lumamah lancar, guru nambah motivasi lan ngatur refleksi kang nuduhaké bilih siswa langkung mangertosi makna lan cara maos geguritan kanthi bener. Siswa uga nuduhaké rasa percaya diri sing luwih dhuwur nalika medharaken pendapatipun.

Pepanggihan kaping tiga tanggal 15 Mei 2025 dipun-ginakaken kangge nguji pemahaman siswa liwat posttest. Siswa saged maos lan nerangake isi geguritan kanthi luwih lancar lan ekspresif. Guru ngatur kegiatan penutup kanthi refleksi bebarengan, nyimpulake materi, lan maringi motivasi tambahan. Adhedhasar refleksi pungkasan, asil sinau siswa sampun nggayuh target KKM, partisipasi siswa tambah aktif, lan atmosfer kelas dados langkung kondusif, saéngga siklus panaliten boten betah dipunlanjutaken dhateng siklus salajengipun.

c) Observasi

Adhedhasar asil observasi ing siklus II, aktivitas siswa nalika pasinaon ngangge model Cooperative Script nuduhaké peningkatan signifikan saben pepanggihan. Rata-rata asil observasi siswa nggayuh 90% kanthi katerangan “Sae Sanget.” Saben aspek, kados ketetapan pemaknaan, artikulasi, gesture, lan penghayatan, nuduhaké peningkatan ajeg saka pepanggihan kapisan ngantos pepanggihan pungkasan. Siswa saya trampil nangkup pesan, nanggapi isi geguritan, lan maringi penilaian kanthi luwih objektif. Aktivitas kolaboratif antar siswa uga saya apik, kanthi keterlibatan aktif ing diskusi lan panggunaan basa lisan sing luwih jelas. Peningkatan iki mbuktèkaké bilih model Cooperative Script efektif ngembangaké kaprigelan maos geguritan, ekspresi, lan pangertosan makna.

Kajaba punika, asil observasi marang guru, nuduhaké peningkatan kemampuan ngajar kanthi rata-rata persentase 90%. Guru saya trampil nerapaké prinsip-prinsip Cooperative Script, ngatur kelas kanthi kondusif, lan maringi bimbingan individu marang siswa sing ngalami kesulitan. Saka pepanggihan kapisan tekan pepanggihan kaping tiga, kemampuan guru mbuka lan nutup pelajaran, ngembangaké materi, lan ngatur runtutan pasinaon tansah ningkat. Bab punika nuduhaké bilih guru sampun saged nerapaké metode kanthi efektif, saéngga proses pasinaon dados luwih interaktif lan nyenengaké, lan asil sinau siswa saged nggayuh target ingkang dipunajeng-ajeng.

d) Asiling Sinau Siswa Siklus II

Tabel 4. Asiling Sinau Pretest Siswa Siklus II

No	Nilai	Jumlah	Persentase	Kategori
1.	0-64	8 siswa	25,00%	Andhap
2.	65-75	9 siswa	28,13%	Sedang
3.	76-100	15 siswa	46,88%	Inggil
Jumlah		32 siswa	100%	

Adhedhasar tabel 4, wonten inginggil, saged dipun ngertosi menawi asiling sinau siswa taksih cepak andhap. Saking 32 siswa ingkang dugi, cacahing siswa ingkang asiling sinaunipun tuntas 15 siswa utawi sawentawis 46,88%. Lan salajeng puni puniki inggih menika data posttest saking asiling sinau siswa sasampunipun siswa nglampahaken kegiatan pasinaon ngangge model cooperative script

Tabel 5. Asiling Sinau Posttest Siswa Siklus II

No	Nilai	Jumlah	Persentase	Kategori
1	0-59	3 siswa	9,38%	Andhap
2	65-75	10 siswa	31,25%	Sedang
3	76-100	19 siswa	59,38%	Inggil
Jumlah		32 siswa	100%	

Adhedhasar tabel 5, asil sinau siswa ing dinten Kamis, 15 Mei 2025, nuduhaké peningkatan signifikan. Saka 32 siswa, wonten 3 siswa (9,38%) mlebet kategori andhap, 10 siswa (31,25%) mlebet kategori sedang, lan 19 siswa (59,38%) mlebet kategori inggil utawi tuntas. Kanthi mekaten, asil sinau siswa ing siklus II sampun nggayuh target ketuntasan minimal (KKM) 65 kanthi jumlah siswa tuntas 29 wong utawa 90,62%. Bab punika mbuktèkaké bilih pangetrapan model Cooperative Script saged ningkataké asil lan pemahaman siswa kanthi efektif.

e) Refleksi

Adhedhasar asil pengamatan observer ing siklus II, pasinaon kanthi model Cooperative Script dipunanggap langkung efektif tinimbang siklus I. Siswa dados langkung nyengkuyung, aktif, lan tertarik marang materi geguritan, saéngga pangertosan lan partisipasi ing kelas saya ningkat. Siswa uga luwih mendalami proses sinau kanthi kolaboratif lan saged ngaturaken pendapat kanthi luwih lancar. Kajaba punika, asil sinau siswa sampun nggayuh target ketuntasan, saéngga panaliten dipunanggap kasil lan boten betah malih nindakaken siklus salajengipun.

Kegiatan pasinaon siswa siklus I lan siklus II

Adhedhasar asiling panaliten rata-rata persentase kegiatan sinau siswa ngangge model pasinaon coopertaive script ing siklus I lan siklus II inggih punika:

Tabel 6. Perbandingan kegiatan Pasinaon siswa siklus I dan siklus II

No	Indikator	Siklus I	Siklus II	Peningkatan
1.	Ketetapan pemaknaan	72%	91%	19%
2.	Artikulasi dan vocal	88%	96%	8%
3.	Gesture	82%	92%	10%
4.	Penghayatan	76%	86%	10%
5.	Kemampuan nangkep pesan dan menyampaikan secara langsung	69%	83%	14%
6.	Kemampuan menanggapi isi teks geguritan	72%	89%	17%
7.	Kemampuan memberikan penilaian terhadap karya geguritan	81%	91%	19%
8.	Kemampuan menjelaskan keberagaman kegiatan membaca teks geguritan	86%	96%	10%
Rata-rata		78%	90%	12%

Adhedhasar tabel 5, saged dipunmangertosi bilih saben indikator pasinaon siswa ngalami peningkatan signifikan antarane siklus I lan siklus II. Katetapan pemaknaan siswa mundhak saking 72% dados 91%, artikulasi lan vokal ningkat saking 88% dados 96%, lan gesture siswa uga mundhak saking 82% dados 92% amargi guru nuntun kanthi praktik langsung. Ing aspek penghayatan, persentase siswa mundhak saking 76% dados 86% amarga sampun saged mbedakaken cara maos geguritan lan wacana biasa. Siswa uga luwih trampil nanggepi isi teks geguritan kanthi peningkatan saking 72% dados 89%, lan saged nyukani penilaian karya kanthi luwih objektif, ningkat saking 81% dados 91%. Kajaba punika, kemampuan nerangake keberagaman kegiatan maos teks geguritan ugi mundhak saking 86% dados 96%. Kanthi mekaten, penerapan model Cooperative Script kabukti efektif nginggahaken partisipasi, kaprigelan, lan pangertosan siswa ing maos geguritan.


Kegiatan Pasinaon Guru Siklus I lan Siklus II

Kasil pengamatan kegiatan pasinaon guru sampun angsal lan guru sampun nindakaken sedaya aspek kaliyan sae cocog kalih langkah-langkah. Kangge nyumerepi perbandingan kegiatan pasinaon guru ing siklus I lan II keparing dipuntingal ing tabel ngandhap menika:

Tabel 7. Perbandingan kegiatan pasinaon guru siklus I lan Siklus II

Siklus	TM I	TM 2	TM 3	Jumlah	Rata-rata
Siklus I	79%	84%	88%	251%	83%
Siklus II	84%	88%	90%	262%	87%

Saking tabel 7, wonten inggil nedahi menawi rata-rata persentase kegiatan guru ing siklus I inggih punika 83% lan ing siklus II dados 87%. Saking data kasebat saged dipuntingali menawi sampun kedados peningkatan saageng 4%. Wontenipun peningkatan ingkang dipuntindakaken dening guru inggih punika dipunlampahakenipun wanci proses pasinaon supados siswa angsal pangertosan ingkang langkung sae lan asiling sinau siswa keparing ningkat. kegiatan ingkang dipunlampahaken dening guru berorientasi ing model pasinaon cooperative script.




Gambar 2. Perbandingan kegiatan pasinaon guru siklus I dan Siklus II

Asiling Pasinaon Siswa Siklus I lan Siklus II

Adhedhasar data ingkang dipunangsal nglangkungi posttest ingkang sampun dipuntindakaken ing siklus I lan siklus II, mila dipunangsal persentase rata-rata ketuntasan asiling sinau siswa kados wonten tabel puniki.

Tabel 8. Asiling Posttest Siklus I lan Siklus II

No	Nilai	Kategori	Jumlah		Persentase	
			Siklus I	Siklus II	Siklus I	Siklus II
1.	≥ 65	Tuntas	15	29	46,88%	90,62%
2.	≤ 65	Tidak Tuntas	17	3	53,12%	9,38%
Jumlah			32	32	100%	100%



Gambar 3. Asiling Ketuntasan Siklus I lan Siklus II

Adhedhasar tabel 8, saged dipunmangertosi bilih asiling posttest siswa ing siklus II langkung saé tinimbang siklus I. Ing siklus I, namung wonten 15 siswa (46,88%) ingkang tuntas, dene ing siklus II mundhak dados 29 siswa (90,62%) kanthi siswa dereng tuntas namung 3 (9,38%). Bab punika nedahaken peningkatan signifikan lan nuduhaké bilih pangetrapan model pasinaon Cooperative Script saged ningkataké asil sinau lan partisipasi siswa kelas VIIIB SMP N 1 Jumapolo, mliginipun ing materi maos geguritan. Siswa dados langkung aktif, mandhiri, lan pitados dhiri nalika ngaturaken pendapat lan mangertosi isi teks geguritan. Kasil punika sejalan kaliyan panaliten Agustin Nur Khafidah & Afakhrul Masub Akhtiar (2022) ingkang nyimpulaké bilih model Cooperative Script saged ningkataké katrampilan maos teks geguritan siswa SD, lan dipunsengkuyung déning Siska Widayanti et al. (2017) ingkang mbuktèkaké yen metode Cooperative Script berbantuan media audio nambah kemampuan maos lan kognitif siswa. Panaliten Fika Ajeng Sukma & Laili Etika Rahmawati (2023), uga Nunung Idanurani Warsa (2021), lan Salamiah (2018) sami nyimpulaké bilih pangetrapan model Cooperative Script

efektif nginggahaken katrampilan menyimak lan maos ing basa Jawa lan basa Indonesia.

UCAPAN TERIMA KASIH

Panulih ngaturaken panuwun dhumateng dosen pambimbing ingkang sampun paring bimbingan lan pituduh salebeting proses panaliten punika. Ucapan panuwun ugi kaparingaken dhumateng Kepala Sekolah SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar ingkang sampun maringi idin saha dhukungan tumrap kalampahaning panaliten menika. Panuwun ingkang sami ugi kapuntujokaken dhumateng responden ingkang maringi andil ingkang wigati tumrap kelancaran saha kasuksesan panaliten punika.

SIMPULAN

Adhedhasar asiling panaliten tindakan kelas menika saged dipunmangertosi bilih pangetrapan model pasinaon Cooperative Script kabukti saged nginggahaken kasagahan siswa ing mangertosi waosan geguritan ing kelas VIII SMP Negeri 1 Jumapolo Karanganyar. Persentase ketuntasan sinau siswa ningkat saking 55% ing siklus I dados 90% ing siklus II, tegesipun wonten peningkatan 35%. Bab punika nuduhaké bilih model Cooperative Script efektif nglatih siswa kangge aktif, mandhiri, lan pitados dhiru sajrone diskusi lan pamulangan. Adhedhasar asil punika, panulih nyaranké supados guru saged nerusaké panggunaan model Cooperative Script amargi kabukti ningkataké motivasi lan asil sinau siswa, siswa saged luwih aktif melu pasinaon kanthi kerja bareng lan diskusi, lan pihak sekolah dipunajeng-ajeng saged maringi dhukungan kanthi nerapaké model pasinaon punika langkung jembar ing mata wulangan basa Jawa, amargi sampun kabukti mujudaké asil sinau ingkang langkung optimal.

DAFTAR PUSTAKA

- Agustin Nur Khafidah, & Afakhrul Masub Akhtiar. (2022). Penerapan Model Pembelajaran Cooperative Script Untuk Meningkatkan Keterampilan Membaca Teks Puisi Pada Peserta Didik Kelas II SDN Segoromadu. *Jurnal Pendidikan*, 4(1).
- Arikunto, Suharsimi. (2013). *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Budiyanto, Else Liliani Dwi. (2020). *Modul Membaca Sastra Berperspektif Ekoliterasi*. Yogyakarta: Cantrik Pustaka.
- Hardani, dkk. (2023). *Metode Penelitian Kualitatif dan Kuantitatif*. Yogyakarta: CV Pustaka Ilmu.
- Hasan, Said. (2021). *PTK & Inovasi Guru*. Aceh: Uwais Inspirasi Indonesia.
- Khafidah, Agustin Nur & Afakhrul Masub Akhtiar. (2020). Penerapan Model Pembelajaran Cooperative Script Untuk Meningkatkan Keterampilan Membaca Teks Puisi Pada Peserta Didik Kelas II SDN Segoromadu. *Jurnal Pendidikan*, 4(1).
- Mahmmud, Ade Haerullah & Said Hasan. (2021). *PTK & Inovasi Guru*. Aceh: Uwais Inspirasi Indonesia.
- Pradopo, Rachmat Djoko. (2019). *Pengkajian Puisi*. Edisi ke-11. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Salamiah. (2018). Penerapan Model Pembelajaran Cooperative Tipe Script Untuk Meningkatkan Hasil Belajar Bahasa Indonesia Pada Materi Menyimak Cerita Siswa Kelas VI SD Negeri 020 Tembilahan Hilir. *Jurnal PAJAR (Pendidikan dan Pengajaran)*, 1(1).
- Sandu Siyoto & Ali Sodik. (2015). *Dasar Metodologi Penelitian*. Yogyakarta: Literasi Media Publishing.
- Sugiyono. (2012). *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukma, Fika Ajeng, & Rahmawati, Laili Etika. (2023). Penerapan Model Cooperative Script untuk Meningkatkan Keterampilan Membaca Teks Geguritan. *Jurnal Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah*, 5(2).
- Suyoto, Sandu. (2017). *Metodologi Penelitian Pendidikan*. Yogyakarta: Literasi Media Publishing.
- Warsa, Nunung Idanurani. (2021). Penerapan Strategi Cooperative Script Untuk Meningkatkan Keterampilan Menyimak Pada Pembelajaran Bahasa Jawa di Sekolah Dasar. *Jurnal Education*, 7(2).
- Widayanti, Siska, Ali Sudin, & Tatang Sunarya. (2017). Penerapan Metode Cooperative Script

- Berbantu Media Audio Untuk Meningkatkan Kemampuan Membaca Puisi. Jurnal Pendidikan Dasar, 2(1).
- Wina Sanjaya. (2020). Penelitian Tindakan Kelas. Jakarta: Kencana. Wildani. (2022). Analisis Data Kuantitatif Pendidikan. Bandung: Alfabeta.